


LABORATORY TESTING MONKEYPOX VIRUS

Monkeypoxvirus (MPXV) is a double-stranded DNA virus, a member of the orthopoxvirus genus within the Poxviridae family.

Results : POSITIVE

Specimen type	Collection materials	Storage Temperature
Skin lesion material, including:	Dacron or polyester foam webs with VTM or dry swab	Refrigerate 2-8°C for up to 12 hours; -20°C or lower after 12 hours.
Lesion crusts	Dacron or polyester foam webs with VTM or dry swab	See above
Lesion fluid	Plastic syringe with VTM or dry swab	Refrigerate 2-8°C for up to 12 hours; -20°C or lower after 12 hours.



Varyòl makak - Ki sa ou bezwen konnen

Varyòl makak se yon maladi ak yon ti kantite ka yo rapòte nan peyi Etazini - apeprè 50 nan Massachusetts depi me 2022 ([Kat CDC 2022 ak Kantite Ka vo](#)). Pandan risk la fèb, li enpòtan pou ou konnen plis epi aprann kijan pou pwoteje tèt ou.

- **Ak kisa li sanble?** Varyòl makak parèt tankou yon gratèl oswa blesi jeneralman apre sentòm grip yo. Gratèl la souvan [sanble ak bouton oswa ti bouli](#) nan zònjenital la oswa nan tout kò.
- **Ki jan li pwopaje?** Nenpòt moun ka trape Varyòl makak la. Li pwopaje [nan yon kontak dirèk pwolonje](#), souvan pandan séks oswa relasyon entim, ak yon moun ki gen blesi.
- **Kisa pou fè?** Si w gen nouvo maleng, yon gratèl oswa blesi, rele founisè w la touswit. [Swiv enstriksyon CDC yo pou izole epi viv ak yon moun ki gen Varyòl makak](#).
- **Èki moun ki an risk? Jeneralman risk la ba** paske li pi difisil pou transmèt Varyòl makak la pase lòt maladi enfektye yo tankou COVID. Ou pa ka pran li lè w kwaze yon moun nan makèt la ki genyen l.
- **Èske gen yon vaksen?** Wi - si w gen yon risk kontaminasyon elve, ou ka kalifye pou vaksen an. Tanpri jwenn plis enfòmasyon ak ki kote ou ka pran vaksen [istit la](#). CHA ap travay pou l vin yon founisè vaksen an. Tanpri tcheke [sitwèb Mass DPH](#) la pou jwenn kote yo mete ajou.

[Gade ti vidyeo sa a pou plis enfòmasyon](#) ak konsilte doktè w la si w gen nenpòt sentòm.



Nouvo Sant Sikyatri Ospitalye pou Timoun ak Adolesan

Nan mwa jen, CHA te louvri nouvo sèvis lopital pou timoun ki gen bezwen sante konpòtmantal, tankou depresyon, enkyetid, maladi mantal, ak maladi devlopman newolojik tankou otis. Nouvo sant nou an, [ki chita nan Somerville](#), genyen yon ekip Sikyatrik eksepsyonèl, Sikològ, enfimyè ak lòt pwofesyonèl sante.

Menm jan ak lòt eta yo, Massachusetts ap fè fas ak yon kriz sante konpòtmantal, ak yon gran nesesite pou sèvis ospitalye sikyatrik. Pasyan ki gen bezwen sante mantal souvan pase jou oswa semèn yo na nan sèvis ijans yo oswa nan lòt anviwònan lopital yo, yon pratik yo rekònèt kòm "entènalizasyon". Nouvo sant 69 kabann CHA a dejà ede timoun ak fanmi yo atravè eta a jwenn swen yo bezwen.

Pou aprann plis, [vizite sit entènèt nou an](#). Oswa, [gade von ti vizit vityèl](#) nan bèl nouvo etablisman nou an.




Klinik Vaksinasyon Familyal

Rejwenn nou samdi 23 jiyè apati 9 AM - midi nan Sant Swen Revere CHA, 454 Broadway, Revere. Tout fanmi an ka pran vaksen an - premye dòz, dezyèm dòz oswa rapèl, selon kalifikasyon ou. Rankontre Mirabel nan fim Encanto a epi savoure yon krèm glase gratis. Chak moun ki pran vaksen an ki gen plis pase 5 an ap jwenn egalman yon kat kado 25 dola! [Enskripsyon yo sijere](#), byenvini vizitè yo.



Ou gen doulè nan do?

Evite Sèvis Ijans yo epi rele sant swen prensipal ou lè ou gen doulè nan do. Klinik Vityèl Doulè CHA kounye a fè pati nan ekip swen w yo. Li fasil - jis mande Klinik Vityèl Doulè nan Do a epi jwenn yon televizit ak youn nan Asistan Doktè ötopedik nou yo, jeneralman nan demen. Ou kapab evalye pi vit epi kòmanse tretman w pi bonè. [Gade vidyeo sa a oswa vizite sit entènèt nou an](#) pou plis enfòmasyon.



Yon bagay pou w kwè

Nou te okipe ane ki sot pase a nan CHA. Nou te louvri nouvo inite sikyatrik pou adolesan ak timoun yo pou reponn ak yon gran demann, nou te rèservwa plizyè rekònpan tankou sa nou te figire pami pi bon lopital maténite Newsweek yo, nou te anboche founisè pwofesyonèl konpetan ki angaje pou bay pi bon swen posib, ak plis ankò. Chache konnen sa nou te fè nan [Rapò Anyèl 2022 nou an](#). Li tèlman gen bagay pou kwè!

CARE TO THE PEOPLE